*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 81-82
(9531-9532)

2013 соналъул
**22 ноябрь**

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## РАЙОНАЛЪУЛ БЕТIЕРАСЕ НИЖЕР ЖАМАГIАТАЛЪУЛ БАРКАЛА

ГIемеразда кIочон батиларо кигIан кIудияб балагь исана нижер росдал цо хъизаналде рещтIарабали.Цо рокъоса щуго чи камуна нухда ккараб автоавариялъул хIасилалда.

ЦохIо нижер росдае гуребги,тIолабго районалъулго халкъалъего бакIлъана доб балагьаб лъугьа-бахъин. ГIемерал гIадамал рачIана нижехъе районалъул росабалъа жидерго пашманлъи загьир гьабизе .

Ниж кутакалда рохарал ва разиял руго нижер росуцоясе ккараб къварилъиялдаса районалъул бетIер МухIамад Малачевич ПатхIулаев рикIкIад чIечIолъиялдаса .

Лъицаниги абизегIан, гьаризегIан чIечIого, живго лъикIав лъугьун кумек гьабизе ракIалде щун бугоан гьесда.

Дагъистан Республикаялъул ХIукуматалъул бетIер ГI.ХIамидовасхъеги ун, ккараб балагьалъул бакIлъиги гьесие загьир гьабун, МухIамадида кIун буго рехсараб хъизаналъе материалияб кумек гьабизабизе.

МухIамадил хIаракаталдалъун къварилъи ккаразе кватIичIого щвезе ккола 500 азарго гъурущ гIарац.

Миллиардазул къадаралда ками бугеб республикаялъул бюджеталдаса лъагIалил ахиралда гьединаб кумек тIалаб гьабизе кIвей кIудияб гьунарлъунги чиясул чорхолъ гъваридаб иман букIиналъе нугIлъилъунги рикIкIуна нижеца.

ХIукуматалъул бетIерас рехсараб хъизаналъе кумек гьабизе бахъараб распоряжение, ГIалахъ росулъеги вачIун, жамагIаталда цебе росдал бетIерасухъе кодобе къуна МухIамадица ва лъазабуна банкалдаса цониги гъурущ тIаса камизабун гIарац бачIани, битIахъего жиндихъе ахIейилан.

Районалъул газета гьоркьоб ккун бокьун буго районалъул бетIерасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе.

Аллагьразилъаги.дудаса, МухIамад,хIалтIулъги тIолабго гьабулебщиналъулъги икъбалги битIккейги гьарула дуе нижер росдал жамагIаталъ.

***КIудияб адабгун ва гьабураб кумекалъухъ баркалагун ГIалахъ росдал жаагIат.***

## О ПОВЫШЕНИИ ЗАРАБОТНОЙ ПЛАТЫ РАБОТНИКОВ МУНИЦИПАЛЬНЫХ УЧРЕЖДЕНИЙ МР «БОТЛИХСКИЙ РАЙОН»

В соответствии постановлением Правительства Республики Дагестан от 23.10.2013г. № 541 «О повышении заработной платы работников государственных учреждений Республики Дагестан» и решением Собрания депутатов МО «Ботлихский район» от 18 августа 2009 года «О принципах оплаты труда работников муниципальных учреждений МО «Ботлихский район» администрация муниципального района постановляет:

1.Повысить с 1 октября 2013 года на 5,5 процентов оклады (должностные оклады), ставки заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район», установленные согласно нижеуказанным постановлениям и повышенные согласно постановлениям администрации МР «Ботлихский район» от 5 июля 2011г. № 27 «О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район», от 30 ноября 2011г. №74 «О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район» и от 13 ноября 2012 года №55 «О повышении заработной платы работников муниципальных учреждений МР «Ботлихский район»:

- от 28 августа 2009 года № 41 «О введении новых систем оплаты труда работников муниципальных учреждений МО «Ботлихский район»;
- от 22 июля 2010 года № 25 «Об утверждении положения об оплате труда работников МАУ «СС и К»;
- от 22 февраля 2013 года № 5 «Об утверждении положения об оплате труда работников муниципальных учреждений физической культуры и спорта МР «Ботлихский район».

2.Управлениям администрации МР «Ботлихский район» обеспечить с 1 октября 2013 года повышение на 5,5 процентов окладов, ставок заработной платы работников, осуществляющих свою профессиональную деятельность по профессиям рабочих, в данных управлениях и обслуживающих их хозяйствах.

3.Финансирование расходов, связанных с реализацией настоящего постановления, осуществить за счет средств, предусмотренных на эти цели в бюджете МР «Ботлихский район» на 2013 год.

4.Рекомендовать администрациям сельских поселений принять решения о повышении заработной платы работников муниципальных учреждений, финансируемых из местных бюджетов.

5.Настоящее постановление вступает в силу по истечении 10 дней со дня официального опубликования и распространяется на правоотношения, возникшие с 1 октября 2013 года.

**ГЛАВА АДМИНИСТРАЦИИ Л. БАЛДУГОВ**

## РАСУЛ САГИТОВ РАКIАЛДЕ ЩВЕЗАВИЯЛЪУЛ ТУРНИР



*ЦIале 8-аб. гьумералда*

*ЦIале 8-аб. гьумералда*

## 12-ДЕКАБРЯ- ОБЩЕРОССИЙСКИЙ ДЕНЬ ПРИЕМА ГРАЖДАН

В целях выполнения поручения Президента Российской Федерации от 26 апреля 2013 г. № Пр-936 о ежегодном проведении в День Конституции Российской Федерации 12 декабря общероссийского дня приема граждан в приемных Президента Российской Федерации в федеральных округах и административных центрах субъектов Российской Федерации, в федеральных органах государственной власти и их территориальных органах, в исполнительных органах государственной власти субъектов Российской Федерации, в органах местного самоуправления, и во исполнение Распоряжения МВД России от 5 ноября 2013г. №1/10309, Распоряжения МВД по Республике Дагестан от 6 сентября 2013г. №26/125р в министерстве определена и создана группа должностных лиц, ответственных за организацию и проведение общероссийского дня приема граждан, а также график отложенного приема граждан.

**12 декабря 2013 г. с 12 часов 00 минут до 20 часов 00 минут** по местному времени руководством и уполномоченными должностными лицами МВД по РД и отдела МВД России по Ботлихскому району будет осуществляться общероссийский день приема граждан в соответствии с установленным Порядком ..

**Начальник подполковник полиции М. Гаджиев**

# ПРЕЗИДЕНТАСЕ КУМЕК КИН ГЪАБИЛЕБ?

Гьале, лъагIел лъуг1ине кIиго моцI гIанасеб заман буго нилъер республикаялда, Дагъистаналъул халкъалъул гIелазда гIемерал соназ кIочене гьечIеб, политикияб хиса-баси ккаралдасан нахъе. Гьелъул байбихьуда гIемераз абулеб букIана:» Гьанжесеб гьаб хиса-баси ккола Дагъистаналъул цIикIкIарАсел гIадамазул гIумруялде, ритIухълъиялде бакъул чIорал речIчIиялъул байбихьилъун», «Республикаялда бугеб лъикIаб гьечIеб хIалги, сундулъго гьечIеб гIадлу-низамги, коррупциялъулги, цIогьалъулги къоринибе ккун букIинги бихьун, Аллагьас нилъ гьеб кинабгоялдасан цIунизе гIололъун нилъее Президентлъун витIарав чи ватизе ккола Рамазан ГIабдулатипов», Нилъеца, ай Дагъистанги ва гьелъул халкъги гьелъул букIинесебги бокьулез гьесул рахъ ккезе ккола ва гьесие кумекги гьабизе ккола»,-ян… Дун мекъи ккеларо, гьединал лъикIал пикраби гIемерисез цоцае загьир гьарулел рукIанилан абуниги. Цо-цоязин абулеб букIана, Дагъистаналде Андропов вачIанилан, ай Р . ГIабдулатипов релъин гьавулаан Андроповасда.

Амма цонигияз абулеб букIинчIо кин ва кинаб къагIидаялда гьесул, Дагъистаналъул цIияв Президентасул рахъ ккезе кколеб. Кив кIалъалев ва бицунев вукIарасги загьир гьабулеб букIана Р.ГIабдулатипов Дагъистаналъул президентлъун вачIиналдаса бугеб жиндирго рохелги разилъиги, бицунеб букIана гьесул ишалъулал качествабазул хIакъалъулъги. Гьелдаго цадахъ цогидал ахIулел рукIана гьесул рахъ ккезе ва кумек гьабизе.

Амма къо арабгIан бихьулеб ва загьирлъулеб буго цо-цоязул гьединал церерахъиналги разилъиялги чIорогосел харбал ва рихьдае гьарулел хIаял рукIараблъи.

«Дагъистаналъе коррупционералги цIогьабиги къваригIунаро, гьел Дагъистаналъе хIажаталлъун кколаро»,-ян цIияв Президентасул официалиябрагIинабиялда



хадуб халкъалъул буголъиялъул цIогьабиги гьезие кумек гьабулелги хеккого кантIанин ккола. Живго ГIабдулатиповас абухъего, гьеб тайпа лъугьун батизе ккола къолохадур соназ халкъалъул буголъиги бикъун гIемер гьабураб гIарац, коррупцияги цIогьги тIагIинабизеян лъугьарав цIияв Президентасде данде хIалтIизабулезул рахъ ккезе. Пачалихъияв нухмалъулесул кIудияб политика бичIчIинеги, гьелъие къимат кьезеги гIечIезул цо-цоял лъугьунел руго Президентасул кадровиябги, гIуцIалилабги социалиябгун экономикияб политикаялъеги ва гьесул щибаб къойилаб хIаракатчилъиялъеги къимат кьезе, гьеб мекъаблъун бихьизабизеги. Щиб лъалеб гьебги гьединазул пайдаяб «бизнес» батилеблъи. Гурони саламатал чагIазул гьединал мукъсанал пикраби кин рижунел ва щай гьел къватIире къолел? Цо-цоязе къваригIун буго Р. ГIабдулатипов Дагъистаналъул Андроповлъун вукIине, яги вахъине. Гьединги бегьилаан букIараб, амма гьеб жакъа жавабчилъи гьечIеб анищ буго. Щайгурого доб, гIадлуги, къиматги халкъалъул нравственнияб борхалъиги букIараб советияб заманги гьаб, гIалхулаб демократиялъ цоял щцуллъизарураб, цогидал щцидаххизарураб, лъабабилел ракъизарураб заманги кинго данде кколаро. Ва гьединлъидал бажарулаго республика хехаб заманалда гIадлуялде бачине. Гьединабго жавабчилъи гьечIеллъун ккола Дагъистаналда миллияб политика добе цIан, гьанибе цIан гьабизе бегьулеб жо бугилан ракIалде кколезул пикрабиги ва кадрабазулаб политикаялда сверухъ гIуцIулел ругел харбалги. Президентасе кигIанго бокьаниги, республикаялъул роценалда кадраби лъикIаздасан лъикIал тIаса рищун хIалтIуде тIамизе рес щолеб гьечIо. Гьелъие гIиллалъунги ккола ахирисел къоло хадур соназ республикаялъулал ва гьелдаго цадахъ районаздаги кадраби гIезариялде кинаб бугониги кIвар кьолеб букIинчIолъи, гьорк-ьо-гьоркьор гьунар бугел гIолохъаби церехун риччалел рукIинчIолъи. Гьелъул хIасилалда республикаялда гIадатлъун лъугьун букIана кадраби шахматазул хъарщиялда фигураби гIадин доре-гьанире хьурщизари.

Советияб заманалда Коммунист партиялъ бицунго кIвар бугеблъун рикIкIунеб букIана кадраби гIезариялъул, гьел тIаса рищиялъул ва гьезул щивасул гьунаралдеги, жавабчилъиялдеги рухIияб рацIцIалъиялдеги балагьун хIалтIуде тIамиялъул суал. Бокьарал хIалтIухъаби хисизе тIаса рищун хIадурун рукIунаан мустахIикъал гIадамал. Гьеб рахъалъ хIалтIи хасаб жавабчилъиялда гIуцIун букIана гьеб рахъалъги кIудияв гIакъиллъун вукIарав И.Сталинил «МустахIикъал кадрабаз тIубазабула кинабго» абураб лозунгалда рекъон. Жакъа кадрабазда хурхараб лъабабго рахъ: хIадуриги, тIаса рищиги, гьунаралдеги жавабчилъиялдеги балагьун тIаса рищун хIалтIуде тIамиги кIиябго бохалда рекъолъун бугеб гьаб заманалда Дагъистаналъул Президент кколев вуго республика цIогьабазулги коррупционеразулги къоринисан бахъизе бажари ва хIадурлъи бугел кадраби къадги чирахъ бакун ралагьизе. Дагъистан гIадин гIемер миллаталъулаб республикаялдайин абуни гьелъул бугеб кIварги, жавабчилъиги ва захIмалъиги батIаго цIикIкIараб буго. Ва Р. ГIабдулатIипов гIадин гьеб бичIчIуневги гьелъие хIадурлъи бугевги политик республикаялдани щиб гурин Россиялдагоги къанагIат гурони гьечIев хIакъаб буго.

Дагъистаналъул президентлъун вачIунаго Р. ГIабдулатIиповас киназдаго рагIун абуна: «Дун гIагараб Дагъистаналъул Президентлъун тушбаби ралагьизе гурев, гьудулзаби ралагьизе вачIунев вуго»,-ян. Гьелъ бицуна гьесул гIакъиллъиялъулги, нравственнияб борхалъиялъулги философиялъулал гьваридал пикрабазулги хIакъалъулъ… ГIадада гуро Рамазан ГIабдулатIиповас жиндирго президентлъиялъулаб хIалтIи байбихьараб рухIиябги санитариябги рацIа-ракъалъиялдасан. РухIияб рацIцIалъи ккола инсанасул нравственнияб бечелъиялъул бицунго къиматаб хазиналъун. Гьединав чиясе бокьуларо жиндаго тIаде бачIине бокьуларебго гIадин цогидасде тIадеги квешлъи бачIине, жиндиего гIадин лъикIлъи букIине бокьула цогидасеги. РухIияб рацIцIалъиги санитарияб рацIцIалъиги цоцаца камил гьабула. РухIияб рацIцIалъи бугев чи хIалтIула ракIбацIцIадго, гьес халкъалъул жо бикъуларо, коррупциялда вукIунаро. Гьединабго букIуна гьесда сверухъ бугеб санитарияб рацIцIалъиги.

Гьай- гьай, гьеб тайпаялъул гIадамал ккола Президентасул тIоцересел кумекчаг1илъунги.

Ахиралда дие бокьун буго макъалаялъул бетIералда бугеб «Президентасе кумек кин гьабилеб» абураб суал гьанибе гьоркьеги бачине.

Кинха гьеб кумек гьабилеб?

Дир пикруялда, гьеб гьабизе ккола гьединаб къагIидаялда. Масала, республикаялда халкъалъул буголъи бикъиялдеги, коррупциялдеги, нравственнияб мукъсанлъиялдеги, чиновниказул тIасаккеялдеги данде ва гьелъул къучIалда республикаялъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъеги ва гIадамазул культура, вацлъи ва гьудуллъи борхизибиялъеги гьабулеб Президентасул политикаялъул рахъ кколев щивав ургъизе ккола гьеб рахъ ккеялъул пайдаяб ва хIакъикъияб къагIида кинабдай букIинеб абун.

Бищунго пайдаяб къагIидалъун ккола, бищунго цебе кинав вугониги батIалъи гьечIого, щивав нухмалъулесги ва чиновникасги гьеб рахъ кквей букIинабуни Президентасул тIалабазда рекъон жиндирго хIалтIи гIуцIиялъул, нравственнияб борхалъиялъул ва жиндирго тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразариялъул рахъалъ чIагояв мисаллъун вукIиналдалъун.

Гьединго пайдаяблъун букIина Президентасда сверухъ хасал мурадазулал чагIаз рижизарулел ругел лъикIал гурел ва къучI гьечIел харбазде гIинтIамунгутIи ва бажарарабгIан гьел харбал гьереси гьари, гьезул къучI гьечIолъи бичIчIинаби. Бихьаралда гурони, рагIаралда божунгутIи.

Дагъистаналъул халкъалъ цIияв Президентасда бухьинабулеб буго жидерго букIинесебги талихIги. Гьединлъидал Аллагьас хъван батани кинабго лъикI букIина, иншааллагь.

*Ш.ЛАБАЗАНОВ.*

# ПАРАХАЛЪИЯЛЪУЛ ХЪАРАВУЛЛЪУДА

## ЦОХIО НИЖЕДЕ ТIАМУН ТIУБАЛАРО ИШ



**Полициялъул подполковник**
**Азаев МухIамад Абакарович.**

1993 соналъ ДГПУялъул географиялъул факультетги лъугIизабун, кIиго соналъ хIалтIана Болъихъ № 3 школалда. 1995 соналъ хIалтIизе лъугъана балугъалъуде рахичIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспекторлъун. 1997 соналъ вукIана РахатIа, АнсалтIа, Шодрода, ТIандо участковыйлъун. ГIахьаллъана халкъалда гьоркьосел гьачагъал Болъихъе кIанцIараб 1999 соналъ ккарал рагъазулъ. Гьенив лъукъана ва мустахIикълъана «Бихьинчилъиялъул» орденалъе. Жакъа къоялда хIалтIулев вуго Болъихъ бугеб участковиязул хIалтIул хIисаб гьабулеб отделалъул начальниклъун.

**-МухIамад, тIоцебесеб иргаялда баркула профессионалияб байрам, участковыязул къо.**

-Баркала.

***-Гьалеха исана 90 сон тIубан буго нужер хъулухъ гIуцIаралдасан. Кинаб хIалтIи бугин абилеб дуца гьеб: гIадамазе пайдаябищ яги гIадамаздаса пайда бугебищ?***

-РакIбацIцIадго абила гIадамазе пайда бугеб хIалтIийилан. Щай гурого бокьараб суалгун аскIоре рачIани, узухъда, гIадлу хвезабиялда хурхараб, участковыяс гьеб иш, бажарулеб бугони, бакIалдаго тIубазабула, цIакъго кIудиялде ккун батани, кире ине кколелали, щиб гьабизе кколебали бицуна, бичIчIинабула. Участковый ккола халкъалъул кумекчиян абилаан дица.

***-Нужеда цере чIарал аслиял масъалаби кинал ругел?***

-ТIоцебесеб масъала - гIадлу хвезабизе биччачIого букIиналъе гIадамазда гьоркьоб профилактика гьаби.

Мисалалъе бачани, вукIуна щаклъи бугев гIолохъанчи - гьекъолев, бухIулев, гIемер къатIахъ свердолев. Гьединасда хадуб хал ккола ва нижедаго бараб-щинаб гьабула такъсирияб нухде гьев чи виччачIого вукIиналъе.

Анкьида жаниб кIиго нухалъ къабул гьарула гIадамал, уна рокъо-рокъоре, гьарула насихIатал. Буго 2012 соналъул 31 декабралда бахъараб РФялъул МВДялъул №1166 абилеб приказ-«Регламинтирующий деятельность участковых уполномоченых полиции»,-абун. Гьелда рекъон гьабула нижецаги хIалтIи.

***-Чан участок бугеб районалда?***

-Районалда буго 18 участок. Районалъул территория бикьун буго лъабго зоналде- Ботлихская -11 УУП, Андийская-4 УУП, Ансалтинская-3 УУП.

15 участкаялда руго къвариг1араб - таралдалъун хьезарурал участковиязул кабинетал, гьеб суал тIубазе ккезе буго РикIвани ва МигIарсо росабалъ. I4 хIалтIухъан вуго тIадегIанаб лъай бугел, гьездаса анкьогоял – юридикияб лъай бугел.

Стажалъул рахъ босани, кIиго хIалтIухъан вуго лъабгоял сониде щвезегIан стаж бугев, 5 хIалтIухъан - лъабгоялдасан анлъго сониде, щуго хIалтIухъан- анлъгоялдасан 10 соналде щвезегIан ва анлъгоял- 10 соналдасан тIадехун жидер стаж арал.

***-Кинаб росу бугеб гIадлу-низамалъул рахъалъ бищунго кIвар цикIкIун кьезе кколеб?***

-Гьединал росаби руго Болъихъ, Гьодобери, АнсалтIа. Щивав чиясда лъазе ккола росабалъ, ай жидерго участкалда, участковыясул ДПСалъул инспекторасдаса цIикIкIун ихтиярал рукIин.

Дица щай гьеб абулеб? Бегьулареб бакIалда машина лъун бугони, гьеб нахъе бачеян абизе бегьулеб гьечIо. ДагIбадизе лъугьунел руго, гаишникищ вугев абун.

***- Участковыязда тIасан гIарзалъ гIадамал рачIунищ?***

-РачIуна. Аслияб куцалда гьез разилъи гьечIолъи загьир гьабула жидер къурал гIарзабазе жиндир заманалда жаваб кьолеб гьечIилан. Нижеца гьелъул хал, цIех рех гьабула, хIужжаби рит1ухълъани, гIайиб ккарасе тамихIги гьабула. ТалихIалъ ахираб заманалда гьединал хIужжаби рукIинчIо.

ГIадамазда цIакъго лъикI лъалел руго жидерго ихтиярал, амма лъалеб гьечIо жидерго налъи. РачIунел руго гIарзалъ ракьалъул суалалгун, билараб паспорталъул бицун. Участковыяс бицунеб буго ине кколеб бакI, амма цо-цо гIадамазе гьеб данде кколеб гьечIо. Бокьулеб буго кинабго иш участковыяс роцIцIинабизе.

БукIунеб буго цо-цо гьадинаб хIужжаги. Масала, вачIунев вуго гIарзагун чи жив вуханилан.

Нижеца гьесул гIарзаялъул щвалде щун цIех-рех гьабизе, материал бакIаризе ва лъабго къойида жаниб хIукму гьабизе ккола делойищ гьабилеб яги къалебищ.

Дело рагьичIого ихтияр букIунаро щибго гьабизе. Зарал ккарасда гьеб бичIчIунаро .

*(Ахир 4аб - гьум.)*

### ПОЗДРАВЛЕНИЕ!

Участковые уполномоченные на всех этапах развития этой службы являются главным связующим звеном органов внутренних дел с населением, гарантом защиты прав и свобод граждан от преступных посягательств по месту жительства. Участковый уполномоченный полиции в нынешнее время-это представитель полиции, выполняющий возложенные на него задачи по борьбе с преступностью и охране общественного порядка на закрепленной за ним в установленном порядке части территории, обслуживаемой органом внутренних дел. В этот день поздравляем участковых уполномоченных, и тех, кто находится на заслуженном отдыхе, ветеранов службы! Пожелаем им крепкого здоровья, личного счастья, высокого боевого духа, мира и добра !



# ЦОХIО НИЖЕДЕ ТIАМУН ТIУБАЛАРО ИШ

*(Байбихьи 3-аб. гьум.)*

***-Бигьаго бугищ гьаб заманаялъ хIалтIи?***

Цебеялде данде ккун кутакалда захIматаб буго. Цебе цо дагьабниги гIадлу гьечIев чиясул эбел-инсулгун гарачIвари гьабулаан, гьабизе бегьулебги букIана. Умумулги рукIана абураб бичIчIунел.

Дида жакъаги ракIалда буго цо лъугьа-бахьин. Цо къоялъ эмен вачIана цадахъ гIолохъанав васги вачун гьав жанив лъеян абун. Щиб гьес гьабурабин гьикъидал, анаша бухIулеб бугин абун эмен лъугьана, гьечIилан вас лъугьана. Жинца цIалеб букIинчIила годекIанир рукIарал гIолохъабаца цIалеб букIанилан лъугьана вас. Гьеб мехалъги инсуца абуна вас жанив лъейилан, ай гьав анаша бухIулезда аскIов гIодов чIун вугилан.

ГЬелъги бихьизабула инсул квакIиги, гIадлуги, бокьарав чисе мисалги.

Амма гьаб ахираб заманаялъ рагIи абизег бегьулеб гьечIо. « Дур хъулухъ щиб, дир лъималаз бокьараб гьабизе буго»- гьеле жаваб. Амма дица дирго хIалтIухъабазда лъазабула, щиб гьез абулеб батаниги, ракIбацIцIадго хIалтIи гьабейин, тIадаб налъи намусалда тIубайин.

***-ГIадлу хварав чиги, тохлъукьего гьоркьове ккарав чиги ватIа вахъизе лъалищ ва гьезие гьабулеб тамихIалъулъ батIалъи букIунищ?***

-Лъала- кIалъаялдасанги хьвадиялдасанги. ТамихIалъул суал борхани, циндаго гьоркьов ккарав чи, цевеккун полициялде ккечIев вукIин хIисабалдеги босун, кIалъа-ралъайги гьабун ,нахъе виччала. Ва амма гьесда хадуб халги ккола.

Гьекъон общественнияб гIадлу-низам хвезабурал чагIазул цIаралги хъван, росдал имамасухъеги администрациялдеги кагъатги ритIула нижеца. Ва гьез жиндир заманалъулаб жавабги гьабула.

Амма кьахьияв вугони,гьезул гIадамаз абула Кьохъе кагъат хъвагейила, I5 сордо- къоялъ жанив лъейилан. Кьахъдерил жамагIаталъ росдада цебе лъун борхула гьеб суал ва мустахIикъаб къиматги кьола .

***-Кканищ цониги хIужжа полициялъул хIалтIухъабаз гIадлу хвезабиялъул?***

-РакIчIун абила- ахирияб кIиго сонида жаниб ккечIо.

***-Дур хIисабалда, щай гIадамал полициялъул хIалтIухъабазда божуларел?***

-Гьеб жо буго цо пуланал чагIаз бижинабураб пикру. Цо лъугьа-бахьин кканани, нижеда тIадаб буго аскIор рукьалъ ругел, кьватIахъ къатIир рукIарал гIадамал, ай гIолохъаби отделалде ахIун, цIех-рех гьабизе. Гьеб жо бокьулеб гьечIо умумузе. Дир лъимал гьединал гьечIоян дагIба базе рачIунел руго. Къаси сагIат I2 тIубазегIан жидер лъимал кьватIахъ ругониги, щибго кIвар кьолеб гьечIо, нижехъе ккедал, кIанцIолел руго. Гьелда тIадеги жидеда абураб рагIиги мекъи бихьула.

Гьекъон ватарав чи нижеца жаниве вачиялъул аслияб мурадги буго я гьесдасан цогидазе, яги цогидасдасан гьесие ккезе бегьулеб заралалдаса цIуни, гIадлияб рахъ роцIцIинаби.

Хьвада-чIадиялъул культура гIодобе ккун буго. БадибчIвай гьабуниги, бокьуларо, кьабул гьабуларо.

***-ХIалтIулъ лъикIаб хIасил бихьизабурал, хасլъи бугел участковыял ругищ?***

-Руго. Щибаб хIалтIул бакIалда рукIуна жидерго иш цогидаздаса лъикI лъалел, жавабчилъигун хIалтIуде лъугьунел, ракIбацIцIадал хIалтIухъаби. Гьединазасан ккола: Болъихъ участкаялдасан Дербищев ЛабазанхIажи, АнсалтIаса ХIасанов МухIамадкамиль, Гъодобери участкаялдасан МухIамагIалиев МухIамагIали ва ГIалахъ росулъа Набиев ХIусен.

***-Халкъалъул рахъалдасан нужее кинаб бугониги кумек букIунищ?***

-БукIуна. Нижеца щулияб хурхен ккола гIадамазулгун,ва гьездасан щибаб къойилаб кумекги щола. Щаклъи ккарав чи вугони, гьез нижехъе ахIула, жиндир заманалда лъазабула. ЛъикIаб кумек гьабула учительзабаз, ракI унтун гIадлуялъул хьаравуллъуда рукIуна росабазул жамагIатчагIи. ГIаммаб кьагIидаялъ босани, нилъер гIадамал кутакалда гIадлу бугел, закон хвезабуларел руго.

***-Ва ахиралдаги щиб абизе бокьилеб дуе газета цIалулезда?***

-Бокьила абизе «Гъудуллъи» газеталъулгун гьудуллъиги гьабейин, нилъерго лъималазул, чан сон гьезул батаниги, рухIияб рахъ бечед гьабиялда тIадчIейги гьабейин, жиде-жидер рокъоб гIадлуги букIине гьабейин абун.

**З.МУХIАМАДОВА.**

# УЧАСТКОВЫЙ ТУШМАН ГУРО

*(ХIакъикъияб хабар)*

Хинаб печалда нахъ гIодовги кIусун, киналалиго пикрабаца рикIкIаде вачун вукIана МухIамад. Бугеб ахIвал-хIалалъ унго-унголъунги ракI унтизабун букIин бихьулеб букIана гьесул. РухIулесел цIурачадалги росун эбел аскIое ячIиндалги рекIеда ватичIо гьев.

***-Щиб, МухIамад, хIалтIул пикрабаздайищ вугев?-*** абун цIехана ПатIиматица васада.

-ХIалтIул пикрабазда гьечIо, эбел, гIумрудул пикрабазда вуго,- ян абуна гьес.

ЛъагIел сверулеб букIана МухIамад участковыйлъун тIамуралдаса нахъе ва къо анагIан пикрабалъ хутIулев вукIана гьев. Гьединлъидал эбелги ругьунлъун йикIана гьесул вуцIухIунчIеялде.

-ХIалтIи хисизе ккезе буго, МухIамад , дуца ян абуна гьелъ ахирги, панкъазде квер бегьун вахъинчIев васасде. - Я кванил тIагIам гуро, я тIагIамаб калам гуро. Гъудулзабазухъе, гIага-божаразухъе инеги заман батулеб гьечIо.

- Гьалдаса лъикIаб хIалтIи кинаб букIунеб, эбел, гIумруялъ дида малълъун, дица чияда малълъун, пайдаги гIакълуги жиндилъ бугеб махщел букIун буго гьаб.

***-Дуца гIадамазда малълъулебни лъала, эбелалъул вас, -илан васасдасан бугеб рохелги загьир гьабулаго хIеренгокIалъана гьай.- Дуда щибха гьелъ малълъулеб?***

-Дица хIисаб гьабураб мехалъ- ,ан абуна гьес,- такъсирчилъиялъул, гIадлу-низам хвезабиялъул 90 проценталъул хIужжаби кколел гьоркьор хутIарал, кIудаэбелазда аскIор ругел, гьекъолел умумул ругел лъималаздасан. Хъизамалда гIурал, эбел-инсул рокьиги гурхIелги щварал лъимал гIадлу бугел ратулел руго.

-Гьелъха, дир вас, рос-лъади, лъимал цере рачIиндал, сабурал, тIоцебесеб бакIалда хъизанги, лъималги цере гьарулел рукIине кколел…

Гьебпараялъ МухIамадиде ракIалде щвана Нупайсат. ЦIурачадалги кванан, гьев кьватIиве вахъана. Сордо рогьинегIан, ай метер къо щвезегIан яхI гьабизе кIвечIо гьесда- пикрукканa нахъбахьичIого Нупайсатида васасул хьвада-чIадиялъул бицине. Нупайсат йикIана росгун ятIалъарай, анлъабилеб классалде арав васасул эбел. Гьелъул вукIарав росги, Россиялдеги ун, гIурусайги ячун, кьватIив чIана. Васасе гIадлу гьабиги тIубанго эбелалде ккана. Амма гIадлуялъул бакIалда Нупайсатица вас гогьдаризе гьавулев вукIана.

Гьекъолелъулги бухIулелъулги хIалбихьулеб бугин дур васасилан гьелъулгун ракIунтараб хабар бицине ниятгун гьалъул рукьалъул кIалтIе щвана гьав. Амма, рокьов бихьинчи гьечIеб кьавулъе ине бажаричIого, кIалтIаса нахъе вуссана.

Сордо рогьинегIан ургъулев вукIана МухIамад кинал рагIабидай ратила эбелалда рихунаредухъ ва хIасил кколедухъ васасул хIакъалъул бицинеян… Радалго жиндихъего участкаялде Нупайсат ахIизе чи витIана. Амма къо къалъидал гурони Нупайсатица участковыясул нуцIа кьиричIо.

МухIамадица Нупайсатида бичIчIинабулеб букIана, гьитIинго вугониги, вас мекъаб нухдасан унев вукIин.

-Нупайсат , дур вас хьалиян бухIулезда, пиво гьекъолезда аскIов вукIунев вуго. Кида бугониги гьездаса мисал босичIогоги хутIуларо. Жакъа хьалиян бухIарас метер гIаракъиги гьекъезе рес буго. Къаси сагIат I2 тIубайдалги кьватIахъ вукIунев вуго. ГьитIинго кьуричIони, метер кватIун ккола, дуе захIмалъизеги буго, кIвараб кумек дицаги гьабила жакъаго кIвар кье васасде,- ян МухIамадица абун бахъигун, Нупайсат тIаде яхъана.

- МухIамад, дир васасул бицине дур хъулухъ гьечIо. Бокьаразда аскIовги вукIине вуго, бокьухъе хьвадизеги вуго-янги абун, Нупайсат кьватIие ана.

Кин бугониги, гIемер гьабуна МухIамадица Нупайсатие гIарз. Амма Нупайсатица гьев гIадахъ восичIо.

КIиго лъагIалидаса МухIамад гIумру гьабизе росу тун кьватIив ана. Гьелдаса нахъе таманалго сонал сверана.

Цо нухалда росулъе щварав МухIамадица Нупайсат мадугьаласда дов васасул кьисмат цIехана.

- Гьесул лъабабилеб лъагIел буго жаниве ккаралдасан. КIудияв гIедал анаша бухIана, бикьана, вагьана. Кинабго бацIцIуней эбелги йикIана. Ракьалги ричана, магIишатги тIагIана, эбелалъул чванта багьидал, васги туснахъалде ккана,- ян абуна мадугьалас.

Щакъ ракI бухIана МухIамадил, гIумрудул битIараб нухде ккезавизе кIвечIев васасда хадуб. ГIемерал васал цIунана гьес квешаб нухдасан, амма ХIажи вукIана, бегьараб квер босичIого, жиндирго гьалатIазулъ тIерхьарав вас.

Гьел пикрабигун машинадул нуцIа рагьизе лъугьунев МухIамад Нупайсатил гьаракьалъ лъалхъизавуна.

-МухIамад,- ан абуна, ургъалабаз свакарай, талхарай эбелалъ.- Доб къоялъ дида ричIчIичIо, гIадахъ росичIо дур рагIаби. Васасда бугьтан лъолев тушманлъун вихьана мун. Амма жакъа кьисматалъ къулизе гьаюна дун. Дицаго гогьдаризеги гьавун, хвезе гьавуна вас.Мун дида тIаса лъугьа,- йиланги абун, ана гьей.

**З.МУХIАМАДОВА**

## 17 НОЯБРАЛЪ 90 СОН ТIУБАНА УЧАСТКОВЫЯЗУЛ ХЪУЛУХЪАЛЪ

**Кинаб пикру бугеб гьезул рахъалъ гIадатиял гIадамазул? Гьединаб мурадгун лъабго суал кьуна нижеца районцоязе.**

**I.Щив чи кколев участковый?**
**2.ХIажат вугищ участковый?**
**3.Щиб гьезие гьарулеб, байрам баркун.**

***МухIамадова Хадижат***

***1.Дир пикруялда, участковый ккола халкъалъул кумекчи. ДагIба ккараб бакIалдаги, ихтиярал хвезарулел ругониги, рахIат бахъаниги гIемер рагIуна гIадамахзул кIалдиса «участковый ахIизе вуго» абураб калам.***

***2.ХIажат вугеблъи тIоцебесеб суалалъе кьураб жавабалъго бицунеб батизе буго. Гьевги гьечIони, кире рекерилел гIадамал гIарзалъ, хасго росабалъ. Милициялде ккараб жо цIацIала, участковыяз бакIалдаго роцIцIинабула. Гьединлъидал гIадамазе участковыял хIажат руго. НТВялда букIуна «До судебного урегулирования » абураб передача. Гьеб цIар кьелаан дицаги участковыязе.***

***3.Кинабго лъикIабщинаб.***
***Биччанте гьезул хIалтIуца лъикIаб хIасил кьезе. Борохь тIанчIидаго чIинтIизабизе кколин абухъего, такъсирчилъиги, терроризмги, цIогьодиги, гьекъолдиги тIибитIилелдего гьукъизе ва авалалдасанго квешаб гIамалг тIагIинабизе икъбалги къуватги кьеги гьезие.***
***ЯхI бугел,закон цIунулел гIадамал гIемерлъ аги,гьезулкумекалдалъун,нилъеда сверухъ.***
***Гьелдаса кIудияб щиб гьезиеги нилъегоги гьарилеб?!***

***ХIусенов СагIид***

***I.Участковый ккола бахьикъосараб агьлуялде данде вугев къолден.***
***2.Цо-цо гIадамазе, унтаразе тохтур гIадин, хIажатав чи вуго гьев. Чан ругел, хасго гьаб заманаялъ, яхI гьечIел бахьикъосарал гIоркьилал. Гьезул гIадлу гьечIолъиялъ бетIер унтизе гьабидал, ботIрол унтуе дару кинигин хIажат вукIуна участковый.***
***3.ЯхI гьечIеб къавмалъе гIадлу гьабизе,***
***РитIухълъидул цIураб цо цIал гьарила.***
***Бахьикъосаразда рагIи абизе,***
***Къор чидай гъолареб къвакIи гьарула.***

***Аминова Наида***

***1.Участковый вуго гIадамазда гьоркьоб гIадлуги букIине гьабулев, пачалихъалгъго жинда рекъелги, гIадлуги тIадкъан тарав ракълил вакил.***
***2.ХIажат вуго цо-цо гIадлу гьечIел чагIазда цIалги кьабизе, гIадатиял, гьудуллъиялдагун ракълида гIумру гьабулел, гIадамазул рахIатгун парахалъиги цIунизе.***
***3.Щулияб сахлъиги, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъабиги, рокъобги, къатIибги гIадлуги,талихIги.***

# 70-ЛЕТНИЙ ЮБИЛЕЙ

Официальной датой создания службы участковых уполномоченных милиции считается 17 ноября 1923 года, хотя служба с аналогичными функциями существовала задолго до октябрьских событий 1917 года. В России, в соответствии с указом Петра I, в начале XVIII века была введена полицейская должность околоточного надзирателя. А в 1782 году был издан «Устав о благочинии», по которому город делился на части, возглавляемые приставами. Часть - на участки или кварталы, участок - на несколько околотков, опекаемых околоточными (квартальными) надзирателями. В обязанности надзирателя входил ряд административно-полицейских функций на территории вверенного ему участка.

С созданием корпуса жандармов (в Ростове, в феврале 1859 года) к многочисленным обязанностям участковых уполномоченных милиции добавилось участие в мероприятиях по политическому сыску.

В структуре органов МВД появляется новое подразделение - участковых надзирателей милиции. 17 ноября 1923 года приказом начальника милиции Республики была введена «Инструкция участковому надзирателю», где говорилось: «Участковый надзиратель есть должностное лицо милиции, надзору и охранению кого поручен участок города или поселение городского типа». Далее перечислялись обязанности из 100 пунктов. Они касались: благоустройства, революционного порядка и безопасности, борьбы с контрреволюционными выступлениями, по надзору за соблюдением революционного порядка в отношении печати, обществ, шествий, манифестаций, культурно¬ просветительских зрелищ, регистрации населения, поддержания благоустройства и безопасности, при стихийных бедствиях, по надзору за соблюдением правил торговли и промыслов, по борьбе с социальным паразитизмом и хулиганством, содействия государственным учреждениям.

С февраля 1930 года участковые надзиратели получили название «участкового инспектора милиции». В 1973 году службу передают в уголовный розыск. Участковые инспектора милиции составляют костяк профилактической службы. Образуются управления профилактической службы, а в гор районах - отделения профилактики. В целях упорядочения деятельности участковых приказом МВД СССР № 215 от 10 августа 1976 года была введена новая «Инструкция по работе участкового инспектора милиции».

Летом 1983 года эта служба была упразднена, а участковые инспектора переподчинены непосредственно начальникам горрайорганов. Это значительно снизило эффективность работы службы ввиду чрезвычайной загруженности руководителей. В 1986 году были восстановлены отдельные подразделения службы участковых инспекторов милиции. В дальнейшем служба участковых инспекторов милиции входила в состав милиции общественной безопасности.

С мая 2011г. подразделение участковых получило новое название - отдел участковых уполномоченных полиции и по делам несовершеннолетних, который в настоящее время возглавляет Лугачев Александр Алексеевич.

# ПРОИСШЕСТВИЯ...

4 ноября 2013 г. на территории СП «с.Годобери» неустановленные лица незаконно проникли в загон для содержания КРС и втайне от окружающих похитили 2 головы КРС на общую сумму 120 000 руб. принадлежащих Ахмедвайсову Л.

6 ноября 2013г. примерно в 02.00 в с.Ансалта с целью хищения чужого имущества проникли в жилище Хайбулаева Х.И.

29 октября 2013г. примерно в 03.00 в с.Ансалта незаконно проникли в жилище Исмаиловой Г.Ш. и втайне от окружающих похитил ТМЦ на сумму 79000 руб.

В ночь с 22 на 23 октября 2013 г. на территории СП «с.Годобери» втайне от окружающих совершили кражу 4 голов КРС на общую сумму 150 000 руб., принадлежащих Ахмедвайсову Л.

# ГРАФИК

**приема граждан участковыми уполномоченными полиции МВД России по Ботлихскому району**

| № алм. участка | Административные участки (н.п.) | Ф.И.О. обслуж. алм. участок | УПП (№ и адрес) | График приема граждан | | номер телефона УУП |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Дни приема | Часы приема | |
| 1. | сел. **Ботлих** (правая сторона от автодороги, подстанция, мост Н.Ботлих). | Баширов А.А. | №1<br>с. Ботлих<br>(центр) | вторник<br>пятница<br>суббота | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89898831979 |
| 2. | сел. **Ботлих** (левая строна от автодороги, подстанция, мост Н.Ботлих) | Дербишев Л.М. | | понедельник<br>четверг<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89604199866 |
| 3. | **с. Ботлих-микрорайон** | Набиев М.Р. | №2<br>с. Ботлих-микро-район<br>(центр) | понедельник<br>четверг<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89288092402 |
| 4. | **с. Ботлих-микрорайон** (правая сторона от а/д, дом Муртазалиева Ч.- водозабор, а/д городок -Тандо, водопровод Рахата-Ботлих, а/д Ботлих-Анди, перекресток Ботлих-Анди-Ансалта (мост) правая сторона ущелья, местность «лысая нора»). **Тасута** | Абдулаев А.М. | | вторник<br>пятница<br>суббота<br>четверг | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час.<br>с 10 до 12 час. | 89034231123 |
| 5. | сел. Миарсо, **Ашино (военный городок)** | Гитинов А.Р | №3 не обеспечен (кабинет гл.адм.) | вторник<br>пятница<br>суббота | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89289874527 |
| 6. | сел.Годобери | Магомаалиев М.Ш. | №4 с.Годобери (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89633755828 |
| 7. | сел.Н.Алак,<br>В. Алак,<br>Хелетури | Набиев Г.А. | №5 с.Алак (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br>четверг | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 10 до14 час | 89285500324 |
| 8. | сел. Н. Инхело | Абдурахманов Г.М. | №6 с.Н.Инхело (в здании админист.) | понедельник<br>пятница<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89604075294 |
| 9. | сел. Кванхидатли,<br>Чанко | Гасаналиев Г.М. | №7 с.Кванхидатли и Чанко (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>четверг<br>суббота | с 14 до 18 час.<br>с 09 до 12 час.<br>с09 до 12 час<br>с 14 до 18 час | 89064823013 |
| 10. | сел. Муни,<br>Ортоколо | Кадиюсупов К.Х. | №8 с.Муни (в здании админист.) (зд. школы) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br>четверг | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час.<br>с 09 до 12 час | 89640004111 |
| 11. | сел. Тлох | Абдулатипов А.М. | №9 с.Тлох (центр) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89064819754 |
| | АНСАЛТИНСКИЙ ПОП | | | | | |
| 1. | сел. Ансалта | Гасанов М. | №1 с.Ансалта (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час. | 89883032111 |
| 2. | сел. Рахата,<br>сел. Тандо | Мичошоев Ш.А: | №2 с.Рахата (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье<br>четверг | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час.<br>с 09 до 12 час | 89634082328 |
| 3. | сел. Шодрода,<br>Зибирхали, Беледи. | Убайдулаев Г. | №3 с.Шодрода (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89640221733 |
| | АНДИЙСКИЙ ПОП | | | | | |
| 1. | сел. Анди, Цибильта<br>Гунха, | Турулаев Ш. | №1 с.Анди (в здании админист.) | понедельник<br>пятница<br>воскресенье<br>вторник | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 14 до 18 час | 89634242434 |
| 2. | Гагатли | Нажмудинов Х.Т. | №2 с.Гагатли (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>суббота | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час. | 89634082331 |
| 3. | Риквани,<br>Ашали | Ахмедов Р.М. | №3 не обеспечен | вторник<br>пятница<br>четверг<br>воскресенье | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 10 до 14 час.<br>с 10 до 14 час | 89064472769 |
| 4 | Зило, **Рушуха,**<br>Кижани | Алдатов М. | №4 с.Зило (в здании админист.) | вторник<br>пятница<br>четверг<br>суббота | с 14 до 18 час.<br>с 09.до 12 час.<br>с 14 до 18 час.<br>с 10 до 14 час | 89634260701 |

# НАША СЛУЖБА И ОПАСНА, И ТРУДНА....

## *ФОТОРЕПОРТАЖ*



















НУЖЕР КИНАЛ РУГЕЛ ПИКРАБИ

# ХIАЖАТ БУГИЩ ЖАКЪА МАГIАРУЛ МАЦI

*Франциялдасан тIад вуссун вачIарав Расул ХIамзатов ун вуго цо пуланал гIадамазухъе Парижалда гьезул васги вихьанин, лъикIаб магIишат - яшавалда гIумру гьабулевги вугилан бицине. Гьикъа-бакъи гьабун хадуб васасул эбелалъ цIехон буго:*

*- Я, Расул, магIарул мацIниги кIоченчIого бугищ васасда?- абун.*

*-Валлагь , магIарул мацI гьесда кIочон буг0-ян жаваб кьун буго Расулицаги.*

*Гьеб мехалъ херай магIарулалъ Расулида абун буго:*

*-Йохъ, Расул, дир вас чIаго гьечIо, хун вуго дир вас ,-илан.*

*Жакъа гьеб суал борхиялде иш ккун буго нилъерги.*

*КигIанго бокьичIониги,къо бахъанагIан рахьдал мацIалде мугъ рехулеб, гIагараб авар каламалдаса гIурусаб цебе гьабулеб буго нилъеца.Гьеб якъинго бихьула дандельабазда, гIолохъанаб гIелалъ цоцазда гьоркьоб, творческиял вечеразда хъурулеб гIурус мацI рагIидалги.*

*ХIакъикъаталдайин абуни гьеб буго кIвар цIикIкIараб ,щивав чи тIад ургъизе ккараб ,нилъерго миллат цIуниялъул суал.*

*Цо-цоязда мискинаблъун, захIматаблъун ва сурукъаблъун бихьулеб буго магIарул мацI. Гьезда ракIалда кколеб буго магIарул мацIалъ кIудиял квалквалал гьарулел ругин «цивилизованный» инсанлъун вукIине абун.*

*Гьединлъидал дица цо чанго гIолилазе кьуна гьал хадур рехсарал суалал.*

***I.ХIажат бугищ магIарул мацI?***

***2.Щиб гьабизе кколеб магIарул мацIалде рокьи бижизе ккани?***

***3.Лъил гIайиб бугеб рахьдал мацI кIочон тей?***

**ХIайдар 23 сон.**

МагIарул мацI магIарул чиясе чара гьечIого хIажатаб буго. Цо гIакъиласул руго гьадинал рагIаби: «Рахьдал мацI ккола миллаталъул гIелму борцунеб роцен» абураб.

Щивав чи вукIине ккела миллаталъул вакиллъун. Рахьдал мацI лъаларев чи кинав вакил вукIинев? Дицаго абила, рахьдал мацI инсанасе чара гьечIого лъазе тIадаб бугилан.

2.МагIарул мацIалде рокьи бижизе ккани, тIоцебебсеб иргаялда, рокьи букIине ккела жиндирго умумузде, хадуб гIураб ракьалде. Лъазе ккела магIарулазул таварих. Жиндирго росуги, ракьги, халкъги бокьулев чиясе рахьдал мацIги бокьичIого рес гьечIо. Гьединлъидал гьитIинго рокъоб эбел-инсуцаги школалда мугIалимзабазги бижинабизе ккела лъималалазул тIалъиялде рокьи.

3.Узухъда, рахьдал мацI кIочон толеб букIиналъе дица гIайибиялллъун рикIкIуна эбел-эмен, рахьдал мацIалъул мугIалимзаби.

**МухIамад-I8 сон.**

I.Дир пикруялда, магIарул мацI лъазе гьедигIанго тIадаб гьечIо. Гьеб цохIого росабалъ кIудияздехун кIалъалелъул гурони хIалтIизабизеги кколаро. Тахшагьаралде рахъанани, гьеб мацIалдасан щибго пайда гьечIо.

2.Щибго гьабизе кколаро, щивав чияс жинцаго тIаса бищула бицине бокьараб мацI.

3.ГIайиб лъилниги гьечIо, просто магIарул мацI лъананиги лъачIониги гьелъул щибго разница гьечIо.

**Зульфия 25 сон.**

I.МагIарул мацI лъазе кколеблъи нилъеда бихьулеб буго жакъа ругел кочIохъабазухъ гIенеккидалги. Масала, Асланбег Идрисовас ахIулеб буго «Ячинаро лъади мунгун батIияй». Гьебго кечI буго Муртуз Дербищевас ахIулеб «Ячинаро лъади мунтун батIияй» абун . ГIемерал рукIуна кочIохъабазул магIнагIинго гьечIел кучIдул. Гьебги гьез, мацI лъикIго лъалеб яги ахIулеб, рагIул магIна бичIчIунеб букIарабани, гьедин ахIилароан. Узухъда, дица абила щивав чиясда рахьдал мацI лъазе тIадаб бугилан.

2.Рахьдал мацIалде рокьи бижинабизе ккелаха рокъоб эбел-инсуцаги школалда мугIалимзабазги. Амма гIицIго гьезда бан гьеб тезеги бегьиларо. Гьениб кIудияб гIахьаллъи гьабизе ккела маданияталъулги, адабияталъулги, телевидениялъулги, газеталъулги хIалтIухъабазги. Гьез лъикIаб тIадчIей гьабунани, ракIалде ккола рахьдал мацIалдехун рокьи бижичIого букIине ресго гьечIилан.

3. МагIарул мацI кIоченехъин букIиналъе гIайибиял ккола ,къокъ гьабун абила- магIарулал.

**СалихIат 20 сон.**

I.МагIарул мацI хIажатаб гьечIилан дица абиларо. Амма,хIисаб гьабураб мехалъ, гьеб цIакъго мискинаб буго. ХIажатаб рагIи батулеб гьечIо, гьединлъидал гьеб рагIи хисизе кколеб буго гIурус рагIудалъун.

2.МацIалде рокьи бижине ккани, гьеб берцинги бечедги бихьизабизе ккелаха.

3.ТIубанго рахьдал мацI кIочон толеб бугони, гьелъие гIайибиял эбел-эменги рахьдал мацIалъул мугIалимзабиги рукIине ккелаха.

***Дир суалазе жавабал кьолел гIемерисез абулеб букIана магIарул мацI мискинаб бугилан. Узухъда, бечедаблъунищха гьеб бихьилеб ЦIадаса ХIамзатилги, Инхоса ГIалихIажиясулги, ХъахIаб- росулъа МахIмудилги, БакьагьечIиса ЧIанкIалги цониги кочIол куплетниги бицеян абидал, бицинени щиб гурин, цIализецин лъаларел цIалдохъабиги, къ-ги, кь-ги хъвазе лъаларел отличникалги ругони. Амма гьаб бакIалдаго ракIалда щвезаризе бокьила Расул ХIамзатовасул « ГIагараб авар мацI, дир кинабго бечелъи, кинабго хазина, дир дарман, дир гьаракь. Дир рекIелъ цIа бакизе гIучIал росизе дун мадугьалихъе инчIо»,-ян абурал гьал рагIаби.***

# КИН БУГЕБ МУН БИБЛИОТЕКА

**ЧIахIиязул биценалда рекъон, цебе библиотекаялдасан тIахьал росулелъул иргабирукIунаанила,цоцахъанбосунсордокъоялда жаниб кIиго-лъабго чиясгицин тIехь цIалун лъугIизабулаанила.**

**Узухъда, гьел рукIана магIарул авторaз хъварал тIахьал- Муса МухIамадовасул, Фазу ГIалиевалъул,ГIабдулмажидХачаловасул ва гь.ц. Кинаб хIалха бугеб гьеб рахъалъ жакъа росабазул библиотекабазда?**

**Гьеб суалгун дагьал церегIан къояз дун дандчIвана Шодрода росдал библиотекаялъул заведующая АхIмадова Хатигун.**

***-Хати, кинха бугеб жакъа библиотекаялъул иш, тIахьал цIализе рачIунезул очередь букIунищ?***

-Жакъа къоялда тIахьал цIализе рачIуна школъимал, гьез росула лъималазул тIахьал, гьединго, бачIуна гIолохъанаб гIелги.

***-ГIолохъанаб гIелалъ кинал тIахьал цIализе тIаса рищулел?***

- ГIурус мацIалда хъварал романал. ГIемерисез къватIиса пачалихъазул авторaз хъваралтIахьалги уна.

***-Мун библиотекаялъул заведующийлъун хIалтIулей йиго 2002 соналдасан нахъе , щиб хIалтIи дуца гьабулеб цIалдохъаби гIемерлъиялъе?***




-Бицуна цебе тIахьазда хадуб кIудияб очередь букIунаанила, жакъа концерталде гIадин хьвадулаанила халкъ библиотекаялде абун. Гьединаб халкъ жакъа гьечIо. Дол тIахьазул интерес бугел цIалдолелги жакъа библиотекаялде рачIунаро. ТIахьалги цIалун лъугIун ругони, цIиял тIахьалги рачIунел гьечIони, гьелги щибизеха рачIинел? Гьоркьохъеб гIелалъул тIахьазулгун кинабгIаги бухьенго гьечIо. Гьанже дица хIаракат бахъула цIияб гIелалъул тIахьазде гIишкъу бижизабизе. ТIоритIула батIибатIиял тадбирал,юбилеял. Сентябрь моцIалъ тIобитIана Расул ХIамзатовасул юбилей, тIобитIана «Эбелалъул къоги».

23 февралалда, 8 Марталда ва цогидалги байрамкъоязда хурхун гIуцIула вечерал.

ГIуцIула школлъималазда гьоркьоб кучIдул цIалиялъул конкурсал.

Аслияб куцалда жакъа библиотекаялде хьвадулел чагIи руго школлъимал ва гIолилал.

***-Лъица нужее тIахьал чIезе гьарулел?***

-ТIахьал чIезарула росдал администрациялъ. Ахирабнухалда,ай 20I0 соналъ бачIана 40 тIехь.

***-МагIарул авторазул тIахьал рачIунищ?***

-РачIунаро, лъималазул тIахьал руго рачIаралги.

***-Къокъ гьабун абуни, магIарул мацIалда хъварал тIахьал цIализе вачIунев чиго вукIунаро?***

-ХIакъикъат гьединаб буго- я тIахьал рачIунаро, я цIалулез цIехоларо.

***- «Гъудуллъи» газета гьоркьоб ккун щиб абизе бокьилеб дуе районцоязда?***

-Жакъа магIарулаз магIарул мацIалда цIалулеб батила республикаялъул «ХIакъикъат» ва районалъул «Гъудуллъи» газета. Бокьилаан абизе: цIале нужецаго ва лъималги цIализе тIаме магIарул мацIалъ хъварал магIарул авторазул тIахьал. Гьениб бихьула нилъеда магIарулазул гIумруги, гIадатги, гIамалги.

**З. ИСМАГIИЛОВА**

# РАСУЛ САГИТОВ РАКIАЛДЕ ЩВЕЗАВИЯЛЪУЛ ТУРНИР

16 ноябралъ Микрорайонаалда бугеб ДЮСШялъул спорталъ-



улаб залалда тIобитIана I6 соналъ Болъихъ ва Ведено хIалтIухъабазул депутатазул исполкомалда председателлльъун, 1961-1971 соназ райкомалъул тIоцевесев секретаръ-лъун, 1966-1976 соназ РСФСРалъул верховный советалъул депутатлъун вукIарав гIуцIарахъуна ва политик СагIитов Расул Юсупович ракIалде щвезавун волейболалъул рахъалъ росабазул командабазда гьоркьоб турнир.

Турниралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас, СагIитов Расулил вас ГIабдула СагIитовас, гIага-божараз ва гьудул гьалмагъзабаз.

Турнир рагьана районалъул бетIер М.ПатхIулаевас. Жиндирго кIалъаялъулъ гьес абуна

-Жакъа нилъеца кIудияб адабгун ракIалде щвезабулеб буго СагIитов Расул Юсуповичасул хIурматияб цIар. Расулица жиндирго лъалкI тана районалъул социалиябгун-экономическияб цебетIеялъулъ, ва гьелдаго цадахъ физическияб культурагун спорт цебетIеялъулъги. 70 соназ районалъул тIаса бищараб команда чанго нухалъ бахъана чемпи-



онлъунги Дагъистаналъул «Кубок»алъул бетIергъанлъунги.

Хадур турниралъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб рагIигун кIалъазе рахъана ГIабдула СагIитов, МухIамад Атаев ва МухIамадкамиль ХIажиев. Гьез баркла загьир гьабуна турнир гIуцIиялъулъ гьабураб гIарцулаб кумекалъухъ районалъул нухмалъулезе ва гьарана киналго гIахьалчагIазе лъикIаб хIайги разияб хIасилги.

ХIасилазда рекъон турниралда тIоцебесеб бакI босана РахатIа росдал командаялъ, кIиабилеб бакI –Кьохъ росдал командаялъ, лъабабилеб бакI Муни росдал комадаялъ. Турниралда бергьенлъи босарал командабазе кьуна дипломал, медалал ва гIарцулал шапакъатал. ТIоцебесеб бакI команда мустахIикълъана бергьаразе букIунеб Кубокалъе.

Гьединго лъикIаб хIай бихьизабурал волебалистазе кьуна гIарцулал шапакъатал.

**З.МУХIАМАДОВА.**

# ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ О ПРИВАТИЗАЦИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ИМУЩЕСТВА

Администрация МО «Сельсовет Ботлихский» распоряжением от 23.10.2013 г. №86 приняла решение о реализации следующего муниципального имущества.

**ЛОТ №1** Автомобиль УАЗ-31519, 2006 года выпуска, государственный регистрационный № М 943 ВМ, № двигателя н/у, № кузова 31514060008890, № шасси 31510060550087, цвет «Амулет-металлик», пробег 245 тыс. км, остаточная стоимость 0 рублей.

Способ приватизации – открытий аукцион,

Начальная цена – 17800,

Форма подачи заявок – закрытая (в конвертах),

Размер задатка -1780 руб. вносится в кассу администрации МО «Сельсовет Ботлихский» до конца периода подачи заявок.

Заявки подаются в течение 25 дней со дня опубликования настоящего сообщения по адресу организатора торгов – сел. Ботлих Ботлихского района, здание районной администрации, 3-й этаж - кабинет отдела по управлению муниципальным имуществом и землепользованию в рабочее время

с $8^{00}$ до $17^{00}$

Перечень подаваемых документов указан в аукционной документации, а также может быть представлен бесплатно организатором торгов.

Подробно ознакомиться с аукционной документацией можно на сайте в сети интернет по адресу **http://torgi.gov.ru**

Победителем признается претендент, предложивший наибольшую цену за предмет торгов.

Организатор торгов - отдел по управлению муниципальным имуществом и землепользованию АМР «Ботлихский район»

**Начальник отдела Х. Хайбулаев**

# НАБИ МУХIАМАДХIАЖИЕВ



Ноябрь моцIрол байбихьуда абадиялъго берал къанщана лъикIав инсан, эмен ва жамгIияв хIаракатчи Наби МухIамадхIажиевас.

Гьев гьавуна 1926 соналда Гъодобери росулъ исламияв гIалимчиясул хъизамалда. ГьитIинго инсуца гьеб гIелму малълъулев вукIарав Набие бигьалъана светияб цIали гьабизеги. Росулъ анкьго класс лъугIун хадуб, гьоркьохъеб лъай босизе уна Болъихъ школалде.

Гьелдаса хадуб Набида тIад къала жиндирго росулъ батIи-батIиял хIалтIаби.

Амма хIалтIул магIнаги жавабчилъиги гьвариддго бичIчIине гьесие кумек гьабуна милициялде хIалтIизе лъугьаралдаса нахъе.

ГIемерал соназ гьев вукIана милициялъул участковыяв инспекторлъунги РОВДялъул оперуполномоченыйлъунги.

Лъабкъоабилел соназда гьев жиндиего бокьун нахъе уна милициялдасан. Байбихьула халкъияб магIишаталъул батIи-батIиял хIалтIабазда хIалтIизе.

Чанго соназ ракIбацIцIадго хIалтIана районалъул культураялъул отделазул заведующийлъун. Лъабкъоялда анцIабилел соназда гьев тIамула райисполкомалъул жилищно-коммуналияб отделалъул заведующийлъун. Гьенив ракI бацIцIадго хIалтIулев вукIарав Наби Гъодобери росдал колхозчагIаз тIалаб гьавула жидерго колхозалъул председателлъун вачIине. Гьезул гьариги къабул гьабун, гьес тIаде босула гIагараб росдал колхозалъул председателлъи. Чанго соналъ гьенив хIалтIулаго, бихьизабула жиндирго гIуцIарухъанлъиялъулаб гьунарги ва захIматалъулаб хIаракатчилъиги. Гьелъул хIасилалда гIезегIанго цебетIей щвана колхозалъул экономикаялъе.

МухIамаднабиев Наби вукIана гIадамал, гьудул-гьалмагълъи хирияв, гьезул къимат гьабизе лъалев инсан. Милициялда ва цоги хIалтIуда бихьизабураб хIаракатчилъиялъе гIоло Наби МухIамадхIажиев мустахIикълъана пачалихъалъул шапакъатазе.

ХIаракатаб гIахьаллъи гьабулаан росдал ва районалъул жамгIияб гIумруялъулъ.

Ахирал соназ вукIана росдал рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председательлъун. Гьесул нухмалъиялда Советалъ пайдаяб хIалтIи гьабулеб букIана росдал гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялъе.

Н.МухIамадхIажиев вукIана районалъул газеталъул хиси гьечIев ва хIаракатав штаталда гьечIев мухбирлъун. Газеталда гIезегIан кIвар бугел суалал рорхулел рукIана гьес.

Наби нилъер ва гьев лъалелщиназул ракIазулъ хутIила лъикIав инсанлъунги, гьудул-гьалмагълъунги. ЛъикIавлъун ватаги гьев Аллагьасда цевеги.

**Районалъул депутатазул Собрание, райадминистрация, районалъул херазул, рагъулгун захIматалъул ветеранаэул Советал ва редакциялъул коллектив.**

*БетIерав редактор ГI. ГIумаханов*